ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№198 (23.606) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



# ЩIыхьым и аллеем



**Дыгъуасэ, жэпуэгъуэм 13-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ягу къагъэкIыжащ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэу я псэ емыблэжу хэкIуэдахэр. Абы теухуат Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм, мамыр зэманым зи къалэн зыгъэзащIэу зи псэр зыта хабзэхъумэхэм я ЩIыхь аллееу Налшык щыIэм деж щекIуэкIа фэеплъ пэкIур. КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, республикэм и къарузехьэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, дин, ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ абы кърихьэлIат.**

2005 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 13-м, террорист щIэпхъаджащIэхэр Налшык къалэ къыщытеуа махуэм, хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъ пэкIур къызэIуахри япэу псалъэ иратащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь**.

- Нобэ дигу къыдогъэкIыж, я фэеплъым пщIэ худощI зи къалэным пэрыту хэкIуэда хабзэхъумэхэр. Илъэс 12 дэкIащ щIэпхъаджащIэхэр Налшык къалэм къызэрытеуэрэ, ауэ дыгъуасэ хуэдэщ ар къыщыхъуар икIи гум имыхужынщ. Республикэм и шынагъуэншагъэмрэ мамырыгъэмрэ яхъумэу хэкIуэда хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ дэтхэнэри къимыкIуэту пэщIэтащ бзаджащIэ ерухэм. Дэ ахэр зэи тщыгъупщэнукъым, сыт щыгъуи ди гум илъынущ, - жиIащ министрым. Абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ хабзэхъумэхэм куэдкIэ зэрелъытар.

ХэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу зы дакъикъэкIэ щымри, псалъэмакъым пищащ экстремизмэм пэщIэтынымкIэ гъэзэщIакIуэ властым и лэжьыгъэр зэзыгъэуIу IуэхухэмкIэ КъБР-м и министр **Къуэшырокъуэ Залым**.

- Илъэс зыбжанэ и пэкIэ республикэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм - щIэпхъаджащIэхэр хабзэхъумэ IэнатIэхэм щытеуам - хэкIуэдахэр дигу къыщыдгъэкIыж фэеплъ махуэщ нобэ. Я псэм емыблэжу хабзэхъумэ 35-м зауэ зэрыхьэзриймэ дыщахъумащ. Абы иужь илъэсхэми бандитхэм яIэщIэкIуэдащ хабзэхъумэхэр, дин лэжьакIуэхэр, къызэрыгуэкI цIыхухэр. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкIэр щызэпIэзэрытщ, ауэ терроризмэм дунейпсом зыкъыщыуегъащIэ. Урысейр абыхэм пэрыту япэщIэтщ, ди республикэми цIыхухэм я мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыгъэмрэ ехьэлIауэ псори щалэжь, - къыхигъэщащ Къуэшырокъуэм.

АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда и лэжьакIуэ, полицэм и подполковник Букин Анатолий и анэ **Букинэ Еленэ**. И нэпсхэр къекIуауэ абы игу къигъэкIыжащ илъэс 12 и пэкIэ къэхъуар. «Налшык къалэм и 2-нэ ОВД-м бзаджащIэхэр къыщытеуам къэхъуар къыдгурымыIуэу, зыгъэсэныгъэхэр екIуэкI къытщыхъуащ. АрщхьэкIэ, щIэпхъаджащIэхэр ирагъэкIуэту унэм дыкъыщыщIэкIыфар шэджагъуэ нэужьырщ. Сэ срогушхуэ сфIэкIуэда си къуэм къигъэлъэгъуа хахуагъэм, мыпсэужу ЛIыгъэм и орденыр къызэрыхуагъэфэщам», - жиIащ Еленэ.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Гугъуэтыж Ахьмэд** щIалэгъуалэр къыхуриджащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэIэщIэну, ди мамыр псэукIэм зи гъащIэр щIэзытахэр ящымыгъупщэну, я фэеплъым пщIэ хуащIыну, я Хэкур фIыуэ ялъагъуну.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сыжажэ Алим** хэкIуэдахэм тхьэ яхуелъэIуащ. Благочиннэ Бобылев Валентини апхуэдэ Iуэхугъуэр зэфIигъэкIащ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым.

АдэкIэ къызэхуэсахэр ирагъэблэгъащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм. Ахэр еплъащ «Долгая дорога к миру» документальнэ фильмым.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● ПэкIу

# Зи гъащIэр мамырыгъэм щIэзыта

**Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м жэпуэгъуэм и 12-м къыщызэIуахащ КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым и оперативнэ лэжьакIуэ полицэм и лейтенант Бэрэздж Артур и фэеплъ пхъэбгъу.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр **Ромашкин Игорь**, экстремизмэм пэщIэтынымкIэ гъэзэщIакIуэ властым и лэжьыгъэр зэзыгъэуIу IуэхухэмкIэ КъБР-м и министр **Къуэшырокъуэ Залым**, Аруан районым и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Бозий Руслан**, Хэкур яхъумэу зи гъащIэр зытахэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ и къудамэм и унафэщI, урысеидзэм хэту Шэшэн Республикэм зи къуэр щыхэкIуэда **Хьэлышх Розэ**, Бэрэздж Артур и ныбжьэгъухэр, лэжьэгъухэр, КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыналъэ органхэм я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ.

Илъэс 35-рэ фIэкIа зи ныбжьыр иримыкъуа Бэрэздж Артур гуузу дунейм ехыжащ. Хабзэхъумэ IэнатIэм щылэжьэн щыщIидза дыдэм щегъэжьауэ абы гу зылъригъэтат щIалэ Iэдэбу, пэжу, лэжьыгъэм сыт и лъэныкъуэкIи ета цIыхуу. 2008 гъэм Налшык и УВД-м ведомствэм щIэмыт хъумакIуэу уващ Артур. И лэжьыгъэм арэзы къызэрищIым къыхэкIыу, куэд дэмыкIыу ар ягъэкIуащ КъБР-м щыIэ МВД-м экстермизмэм пэщIэтынымкIэ районхэм зэдай къудамэ №2-м и оперативнэ лэжьакIуэу.

Хабзэм къемызэгъыу IэщэкIэ зэщIэузэда гупхэм зыщагъэпщкIу щIыпIэхэр къэхутэным ехьэлIауэ 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м центрым и лэжьакIуэхэм Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIырт. Полицэм и лэжьакIуэхэм гу лъызыта щIэпхъаджащIэхэм зыщагъэпщкIуащ Налшык щыIэ Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №38-м и подвалым. Хабзэхъумэхэр щекIуалIэм, абыхэм гранатитI къыщIадзащ икIи IэщэкIэ къахэуэн ирагъэжьащ.

Къыпэщылъ шынагъуэм къримыгъэкIуэту, полицэм и лейтенант Бэрэзджыр унэ щIыхьэпIэм нэс кIуэтащ икIи щIэпхъаджащIэхэр къызэрыщIэкIыжыну лъагъуэр зэхуищIащ. Апхуэдэу Артур ихъумэн хузэфIэкIащ мамыр цIыхухэр икIи зэман кIэщIым къэса хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм хабзэм къемызэгъыу IэщэкIэ зэщIэузэда гупыр къызэтрагъэувыIащ. А зэхэуэм къыщылъыса уIэгъэхэм Бэрэздж Артур къелакъым.

ГъащIэм и шынагъуэм епхауэ и къулыкъур хахуэу, лIыгъэ хэлъу икIи псэемыблэжу зэригъэзэщIам папщIэ, УФ-м и Президентым и унафэкIэ полицэм и лейтенант Бэрэздж Артур къыхуагъэфэщащ ЛIыхъужьыгъэм и орденыр. Къэхъун къуажэ администрацэм и унафэм ипкъ иткIэ, абы и цIэр фIащынущ уэрамыщIэхэм ящыщ зым.

Зэхыхьэм щыщIидзэм фэеплъ пхъэбгъур къызэIуахащ Ромашкин Игоррэ Артур и адэ Бэрэздж Мухьэмэдрэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).




● Дыгъуасэ

# Фэеплъыр яхъумэ

**2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м щIэпхъаджащIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм щытеуам абы хэкIуэдахэм я фэеплъыр ноби яхъумэ икIи а махуэм хэхауэ ахэр ягу къагъэкIыж. А Iуэхум теухуауэ траха «Долгая дорога к миру» фильмыр дыгъуасэ утыку къыщрахьащ Налшык къалэм дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм. Фильмыр мы гъэм ягъэхьэзыращ Терророрым пэщIэтынымкIэ комиссэм и жэрдэмкIэ.**

ЭКСТРЕМИЗМЭМ пэщIэтынымкIэ гъэзэщIакIуэ властым и лэжьыгъэр зэзыгъэуIу IуэхухэмкIэ КъБР-м и министр Къуэшырокъуэ Залым фильмыр щIидзэн и пэ жиIащ: «Лэжьыгъэм къыщыIуэтэжащ республикэм террор щIэпхъаджагъэр къызэрырахьауэ щыта щIыкIэр, а Iуэхум хабзэм и хъумакIуэхэр лIыгъэ яхэлъу зэрыпэщIэтар. Дэ щIалэгъуалэм дахуэзэхукIэ, куэдрэ зэхыдох къэхъуауэ щытам апхуэдизрэ утепсэлъыхьыжыныр къемызэгъыу къызэралъытэр жаIэу. Ар тэмэмкъым. ЩIыналъэм къыщыхъуа сыт хуэдэ Iуэхугъуэри дэ тщIэжын, абы мамырыгъэ щыIэн щхьэкIэ зи гъащIэ зыта дэтхэнэ лIыхъужьми и фэеплъыр тхъумэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIам епха Iуэхухэр ди зэманым нэгъуэщIу къагъэлъэгъуэну иужь щихьэ щыIэщ. Мы фильмым и къалэн нэхъыщхьэу сэ къэслъытэр илъэс 12 и пэкIэ зи къалэным пэрыту зи псэ зытахэм я фэеплъыр ихъумэнырщ, дяпэкIэ апхуэдэ гузэвэгъуэ дымылъагъунырщ».

Фильмыр къыщIедзэ Налшык къалэм нэгъуэщIхэр «мамыр щIыналъэ дахэкIейкIэ» къеджэ щIэхъуар абы и щIыуэпсым и къулеягъымрэ абы щыпсэухэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу къызэрызэдекIуэкIымрэ теухуауэ зэрыщытамкIэ. Ауэ иужькIэ абы гузэвэгъуэхэр къызэрыщыхъур къызэпхыIукIыу хуежьат. Лэжьыгъэм щыжыIащ ислъам диныр къагъэсэбэпу щIэпхъаджагъэ зехьэным и тхыдэр республикэм илъэс тIощI-щэщI хуэдэ и пэ зэрыщрагъэжьар. Ар зэманкIэ 1990 гъэхэм и пэхэм тохуэ, Сауд Хьэрыпым, Тыркум, Иорданием щыщхэм ди щIалэгъуалэр пщIэншэу ислъамыр кърагъэщтэну кууэ иужь щихьам. Совет Союзыр щылъэлъэжа зэманти, экономикэ щытыкIэр къэралым щыщIагъуэтэкъым, абы и щIыIужкIэ гъащIэм тегъэщIапIэ щыщIыпхъэ зы гупсысэ цIыхубэм яIэтэкъыми, Iуэху мыхъумыщIэ зигу илъхэм а псори къагъэсэбэпат.

А лъэхъэнэм щегъэжьауэ республикэм къыщыхъуа террор щIэпхъаджагъэхэр зэкIэлъыкIуэу фильмым къыщыхьащ. Абы я гукъэкIыж хьэлъэхэр щыжаIэ я къалэныр ягъэзащIэу зи бын хэкIуэдахэм.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къалэм дэт хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм террор щIэпхъаджащIэ 200-м щIигъу къытеуат, абы щыщу 92-р яукIащ. Псоми ящIэж цIыху 12 блэкIрэ пэт зэрыхэкIуэдари, куэдым уIэгъэ зэрагъуэтари. А махуэм хабзэм и хъумакIуэ 35-рэ яукIат.

УФ-м и Президент Путин Владимир абы щыгъуэм жиIа псалъэхэр къыщокIуэ адэкIэ фильмым. «ЩIыналъэм и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэр а Iуэхум псынщIэу икIи зэгъэпэщауэ пэщIэувэфащ. ЩIэпхъаджащIэхэм дызэрагъэшынэну хэт Iэмалхэм апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ фIэкIа хуиIэ хъунукъым».

«Нобэ дыпсэу-дымыпсэум хуэдэу дунейм дытету аращ», «Иджыри ди щхьэм щокIэрахъуэ: «Апхуэдэ дауэ къэхъурэт? Сыт щхьэкIэ?», «ЦIыху укIыныр зигу къэкIхэм «зыкъэфщIэж» вжыдоIэ!» - апхуэдэ псалъэхэр фильмым щыжаIэ зи бын зыфIэкIуэда адэ-анэхэм.

Лэжьыгъэм еплъащ республикэм и унафэщIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, террор-щIэпхъаджагъэхэм хэкIуэдахэм я благъэ-Iыхьлыхэр, курсантхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



● КъБКъУ

# КIэрэф Къамболэт ящыгъупщэркъым

**КъБКъУ-м мы махуэхэм щокIуэкI еджапIэ нэхъыщхьэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ щрикъум теухуа дауэдапщэхэр. Абыхэм хиубыдэ IуэхугъуэфIщ университетым и ректору 1965 - 1973 гъэхэм лэжьа КIэрэф Къамболэт Науръыз и къуэм фэеплъ бюст къызэрыхуэзэIуахар. Ар щагъэуващ КъБКъУ-м Физикэмрэ математикэмкIэ и институтым и холлым деж.**

ЗИ ЗЭФIЭКI лъагэхэмкIэ ди республикэми къэралми щыцIэрыIуэ щIэныгъэлI щыпкъэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, адыгэхэм ящыщу щIэныгъэхэм я доктор цIэр япэ зыхуагъэфэща КIэрэф Къамболэт ди республикэм щIэныгъэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкулIщ. Абы фэеплъ къыхузэIухыным хуэгъэпса зэIущIэм куэд кърихьэлIат. Апхуэдэхэт КъБР-м и Парламентым и депутат **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, университетым и ректор **Алътуд Юрий**, абы и президент **Къарэмырзэ Барэсбий**, КIэрэф лъэпкъым я лIыкIуэ гуп, Тэрч щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **КIэрэф Мурадин** я пашэу, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Расторгуевэ Светланэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Къэжэр Артур**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Бетрожь Сослъэнбэч** сымэ, нэгъуэщIхэри.

- КIэрэф Къамболэт бгъэдэлъа зэфIэкIыр гъунапкъэншэт. Абы дэлэжьахэми иригъэджахэми ар ноби ягу илъщ щIэныгъэлI Iэзэу, цIыху щыпкъэу, унафэщI IэкIуэлъакIуэу, - къыхигъэщащ и къэпсэлъэныгъэм зэIущIэр къызэIузыха Алътуд Юрий. - Еджагъэшхуэм зэфIиха лэжьыгъэхэр гулъытэншэу къэнакъым. Абы къыхуагъэфэщащ СССР-м и къэрал дамыгъэ зыбжанэ, кърatауэ щытащ РСФСР-м, КъБАССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, ВДНХ-м, ВСНХ-м я дыщэ, дыжьын медалхэр. Апхуэдэу щIэныгъэлI, ЩIДАА-м и академик, КъБКъУ-м и профессор КIэрэф Къамболэт къыфIащащ УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, щIыхь зиIэ я агроном, щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI цIэ лъапIэхэр.

Алътудым жиIахэм пащэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ цIыху куэд. Ахэр тепсэлъыхьащ КIэрэфым университетым и зэфIэувэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр зэрыиным: Къамболэт и тетыгъуэращ абы IэщIагъэ куэдым щыхурагъаджэ щыхъуар, факультетыщIэхэр къыщызэIуахар, еджапIэ нэхъыщхьэм и Iэмалхэм хэпщIыкIыу зыщиужьар.

КIэрэфхэ я лъэпкъым къабгъэдэкIыу университетым и унафэщIхэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ икIи ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэу иджыри куэдрэ лэжьэну ехъуэхъуащ КIэрэф Мурадин.

ИужькIэ Iэгуауэ иным щIэту бюстым и щхьэтепхъуэр трахащ. КIэрэфым и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● ХъыбарегъащIэхэр

# Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ Симфоническэ макъамэмкIэ VI дунейпсо фестиваль



**Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыммрэ ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм фрагъэблагъэ Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ Симфоническэ макъамэмкIэ VI дунейпсо фестивалым.**

2017 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 23-м фестивалыр гуфIэгъуэкIэ къызэIуахынущ. Къэрал макъамэ театрым и сценэм зыкъыщигъэлъэгъуэнущ «Урысейм и лъэпкъ щIэин» саугъэтыр зыхуагъэфэща Гужов Михаил.

«Бас на бис» программэм щагъэзэщIэнущ Шаляпиным и репертуарым къыхаха Iыхьэхэр, Верди, Даргомыжскэм, Чайковскэм я оперэхэм щыщ ариехэр, Глинкэ, Танеевым, Рахманиновым, Свиридовым я романсхэр.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Фестивалым нэхъ зыубгъуауэ ущыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 77-42-08, 42-43-13.

# НэгъуэщI къэралхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр щригъэкIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм интерактив гъэлъэгъуэныгъэхэр щригъэкIуэкIыну и мурадщ Иорданием, Тыркум икIи Европэм и къэрал зыбжанэм.**

«ИНТЕРАКТИВ гъэлъэгъуэныгъэхэр едгъэкIуэкIыну, нэгъуэщI къэралхэри къызэщIиубыдэу, жэрдэм хьэлэмэтхэр щыIэщ. Иорданиемрэ Тыркумрэ я лIыкIуэхэм депсэлъэнущ. Европэм и къэрал зыбжанэми запытщIэну ди мурадщ», - къыджиIащ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, интерактив гъэлъэгъуэныгъэ музейм нэхъапэми иригъэкIуэкIащ. Къапщтэмэ, 2013 - 2014 гъэхэм хэтащ этнографиемкIэ Гамбург щыIэ музейм и выставкэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейр 1921 гъэм къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту абы и гъэтIылъыгъэхэм къызэщIаубыдэ хьэпшып мини 150-м щIигъу.

**ТЕМЫР Дисанэ.**

# Кавказ Ищхъэрэм и бгы-лыжэ курортхэр щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым топсэлъыхь

**Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Кузнецов Лев жэпуэгъуэм и 12-м иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм и бгы-лыжэ курортхэр щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Байсултанов Одес, «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» АО-м и унафэщI Харитонов Сергей, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и Iэтащхьэм и къуэдзэ Тапаев Рустам, къиищынэмыщIауэ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и департаментхэм щыщхэр, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщIхэмрэ абы и къудамэхэм я лэжьакIуэхэмрэ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм - «IуащхьэмахуэI», «Архъыз», «Ведучи» - яхузэфIэкIынухэр куэдыкIейщ. Ди курортхэр сыт щыгъуи адрейхэм къащхьэщыкIыу щытащ лъагъуэхэм я фIагъымкIэ, инструктор IэзэхэмкIэ, программэ удэзыхьэхххэмкIэ икIи, дауи, щIыпIэм и теплъэ дахэмкIэ. Иджыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ турист кластерыр зэрыщыIэрэ зэфIэува Iэмалхэр, инновацэхэр дэщIыгъуу, фIагъымрэ туристхэм я тыншагъымрэ хуэлэжьэн хуэдэу Iуэхур зэтеублэным», - къыхигъэщащ министрым.

**ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.**



# Зи гъащIэр мамырыгъэм щIэзыта

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

«Нобэ дыщIызэхуэсар ди лэжьэгъум, ди ныбжьэгъум хуэфщэн пщIэ хуэтщIыну аращ. Гуауэр къызэрыхъурэ илъэситху дэкIами, мы пэшым щIэсхэм сахоплъэри, дыгъуасэ къэхъуа хуэдэу къысфIощI. Зи гъащIэ гъуэгум и щIэдзапIэм хэкIуэда ди лэжьэгъухэм хьэлъэщ утепсэлъыхьыну. Фэ псори фыщыгъуазэщ 2012 гъэм республикэм щыщыIа щытыкIэ гугъум. Махуэ къэмынэу зэзауэхэр къэхъурт. Ар зыхуэмышэчахэр хэкIыжащ, ауэ Артур хуэдэ щIалэхэр къэнащ икIи псэемыблэжу телэжьащ республикэм мамыр гъащIэр щызэфIэгъэувэжыным. Абы езым къыхихащ и гъащIэ гъуэгур. Шэч хэмылъу, мурад куэд иIащ а щIалэщIэм. Сэ ар сцIыхуу щытакъым, ауэ сощIэ адэанэм цIыхухъу нэсу, хэкупсэу зэрагъэсар», - жиIащ Ромашкин Игорь.

ЛIыхъужьым дакъикъэкIэ хуэщыгъуа нэужь, къызэхуэсахэм захуигъэзащ Къуэшырокъуэ Залым: «Нобэ тхыдэм къыхыдонэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэм ящыщ зым и фэеплъыр. Дэтхэнэ цIыхухъуми и къалэнщ и унэмрэ Хэкумрэ ихъумэну. Артур хуэдэхэм я фIыгъэщ дэ къэрал, республикэ мамырым дыщыпсэуну Iэмал зэрыдиIэр. И гъащIэр итами, къыхиха гъуэгуанэм пэжу тетащ Артур. Дэ абы хуэтщIэжыфынур зыщ - и фэеплъ дахэр тхъумэнырщ, и псэр щIитар хэдмыгъэкIуэдэнырщ. Бэрэздж Артур и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ ноби я къулыкъур ягъэзащIэ, республикэм мамырыгъэр щахъумэу. Зы щIэпхъаджащIэ хуэфщэн тезыр имыхьауэ къэнакъым. ФIыщIэ хузощI Артур и гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа егъэджакIуэхэм. Сабийхэм захуэзгъазэу яжесIэну сыхуейщ мы фэеплъ пхъэбгъур псом япэрауэ зыхуэгъэзар фэрауэ зэрыщытыр. Махуэ къэс мы еджапIэм фыкъыщыщIыхьэкIэ, Артур хуэдэ фызэрыхъунум фыхущIэкъу».

«ПщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэм, еджакIуэ цIыкIухэ! Нобэ зы лъэныкъуэкIэ махуэ гуауэщ, ауэ абы къыдэкIуэуи фэеплъ махуэщ. Дэ дигу къыдогъэкIыж и къалэныр, напэр, адэ-анэм къыхалъхьа хьэл-щэныр псом нэхъапэу зыгъэува щIалэщIэр. Ар куэд и уасэщ. Артур хуэгъэзауэ псалъэ дахэхэр щыжаIащ мы пэшым. Псом япэрауэ ар зыхуэгъэзар фэращ, сабийхэращ. Фэ фолъагъу цIыху пэжыр, хэкупсэр зэрыщытын хуейр. Дэ щхьэкIэ ахэр я гъащIэм щысхьакъым. ФIыщIэ хузощI ди хьэщIэхэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и министрым, абы и лэжьакIуэхэм зи псэр зыта я лэжьэгъухэм я фэеплъыр зэрахъумэм папщIэ», - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Бозий Руслан.

Курыт еджапIэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI къыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэр хэкупсэу къэгъэхъун папщIэ. Иджырей фэеплъ зэхыхьэм абыхэм хуабжьу зыхуагъэхьэзыращ. ЦIыкIухэр Артур и гъащIэм тепсэлъыхьащ, усэхэм къеджащ.

«Илъэситху и пэкIэ къэхъуар зэи тщыгъупщэнукъым. Ди къуажэгъу щIалэщIэм, ди еджапIэр къэзыухам и гъащIэр пасэу къызэтеувыIащ. Дэ дрогушхуэ Бэрэздж Артур, абы и фэеплъыр мыкIуэдыжынщ», - жиIащ Къэхъун дэт курыт еджапIэ №2-м и унафэщI Джатокъуэ Хьэуелэ.

Урысейпсо зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу Хьэлышх Розэ Бэрэзджхэ я унагъуэм иритащ фэеплъ медаль.

Зи гугъу тщIы зэхыхьэм кърихьэлIахэм лъэпкъым къыбгъэдэкIыу захуигъэзащ Артур и шыпхъу ХьэтIэхъу Олесэ: «Илъэситху ипэкIэ нобэ хуэдэ махуэм дэ тфIэкIуэдащ си дэлъху закъуэр. Ди адэ-анэм я псэм ящыщ Iыхьэ яхэщIащ. Ди унагъуэм къыбгъэдэкIыу фIыщIэ хузощI дызыщымыгъупщэ КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэм, Артур и лэжьэгъухэм».

КъБР-м и Музыкэ театрым и солист Дэгу Каринэ игъэзэщIащ «Хэкум тыгъэ хуащIа гъащIэ» уэрэдыр. Ар ятхауэ щытащ Бэрэздж Артур и фэеплъу. Зэхыхьэм и кIэухыу къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ фэеплъ пхъэбгъум.

**МЭЗКУУ Къанщобий.**

● ЩIыуэпс

# МэзгъэфIэнхэм я лэжьакIуэхэм я махуэ



**Урысей Федерацэм и мэзкъуэдыхэм я унафэщIхэм я зэхуэсышхуэу 1999 гъэм Владивосток къалэм щекIуэкIам япэ дыдэу къыщыхалъхьауэ щытащ МэзгъэфIэнхэм я лэжьакIуэхэм я махуэр гъэ къэс гъэлъэпIэным хуэунэтIа жэрдэмыр.**

ИЛЪЭС зыбжанэ дэкIри, 2006 гъэм абыкIэ унафэ къищтащ УФ-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ экологие советым. А зэIущIэм щIэсахэм ар ирырагъэхьэлIат къэралым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэр (мэзкъуэдыхэр) щызэгъэуIуа къэралпсо IуэхущIапIэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъу махуэм, жэпуэгъуэм и 14-м. Мы зэманым а зэгухьэныгъэм и нэIэ щIэтщ УФ-м ит мэзгъэфIэнхэм ящыщу 103-р.

Федеральнэ мыхьэнэ зиIэ мэзкъуэдыхэм щIыуэпсыр хъумэным хуэунэтIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI, экологие-егъэджэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщ, къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и «плъыфэхэм» зэрызахъуэжым, нэгъуэщI-къинэмыщIхэми щакIэлъоплъ. Абыхэм Iэщ щыхъуакIуэркъым, мэши щащIэркъым.

УФ-м къэрал мыхьэнэ зиIэу ит мэзкъуэдыхэм псори зэхэту километр зэбгъузэнатIэу 340-рэ къызэщIаубыдэ. Зэхэплъхьэжмэ, ар хуэдизщ Финляндие зэрыщыту и IэмыщIэ илъ щIыналъэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● ЩIэныгъэ

# Тхыдэм ироплъэж

**Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ «Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэфIымрэ зэгурыIуэныгъэмрэ къэралыгъуэр яухуэ» урысейпсо щIэныгъэ конференцыр.**

АБЫ кърагъэблэгъащ КъБКъУ-м и ректор **Алътуд Юрий**, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, а еджапIэм и проректор, профессор **Эфендиев ФуIэд**, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Къэжэр Артур**, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат **Муратовэ Еленэ**, щIэныгъэлIхэр, студентхэр.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Дзэмыхь Къасболэт** къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ XVI лIэщIыгъуэм икухэм, Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ щызэгухьам щегъэжьауэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ тхыдэ Iуэхугъуэ куэд къызэрыхъуар, абы теухуауэ къызэрагъэпэща зэхуэсым щIэныгъэлIхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэрызэдыхэтым сэбэп пылъу къызэрилъытэр.

- Илъэс 460-р дэ тхуэдэ лъэпкъ цIыкIухэм я дежкIэ пIалъэшхуэщ. Ар Iэтауэ зэрыдгъэлъапIэм къигъэлъагъуэу къысщохъу нобэми абы иIэ тхыдэ мыхьэнэр зыхуэдэр къызэрыдгурыIуэр. Лъэпкъ куэду ди къэралыр зэрызэхэтым нэхъ тегъэщIауэ Урысейм и тхыдэр щIалэгъуалэм егъэджыныр тэмэмт, сыту жыпIэмэ, зы илъэс гъуэгуанэкъым къызэдэткIуар икIи сыт хуэдэ зэманми къэралым исхэр зэхуэпэжу щытащ, - жиIащ Дзэмыхьым. - Совет Союзым и лъэхъэнэр къапщтэмэ, а зэманым ехъурджауэхэм я Iуэху еплъыкIэр сэ ядэсIыгъкъым. Абы щыгъуэм лъэпкъ цIыкIухэм зыкъаужьын папщIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ: къэунэхуащ еджапIэ нэхъыщхьэхэр, музейхэр, нэгъуэщI куэди. УрысыбзэмкIэ зэрадзэкIыурэ ди лъэпкъ классикэ литературэр дуней псом къыщацIыхуащ. Ар ди дежкIэ зэман телъыджэт. А псом я фIыгъэщ ди лъэпкъхэм зэрызауэжьар. Урысейр игъэпэжу Къэбэрдей-Балъкъэрыр сыт хуэдэ зэманми къэралым зэрыгуэтар псоми дощIэ, уеблэмэ Совет Союзыр щылъэлъэжми, зэхэщIыкI иIэу а Iуэхум бгъэдыхьащ.

Дзэмыхьым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ институтым 2017 гъэм къыдигъэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм.

Конференцым хэтхэр едэIуащ XVII-XIX лIэщIыгъуэхэм Балъкъэр щIыналъэмрэ Урысей къэралыгъуэмрэ гъунэгъу зэрызэхуэхъуам теухуауэ **Муратовэ Еленэ** ищIа докладым. Апхуэдэуи Истамбыл къалэм къикIа **Тумэ Рэхьми** гъэщIэгъуэну тепсэлъыхьыжащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я тхыдэр япэ дыдэу зытхыжа Беркъукъу Исмэхьилрэ Эрджан Исуфрэ Кавказ Ищхъэрэм 1918 - 1920 гъэхэм щекIуэкIа политикэ Iуэхухэм теухуауэ я гукъэкIыжхэм.

Зэхуэсым къыщаIэтащ Кавказым ис лъэпкъхэм Урысей къэралыгъуэм гуэту зэрызаужьам щыхьэт техъуэ Iуэхугъуэхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




Тумэ Рэхьми, Дзэмыхь Къасболэт, Рахаев Анатолий.

● Гъуэгу къежьапIэ

# Щапхъэ дахэ

**Арщыдан щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэ, щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и комиссэм и унафэщI, Лэскэн щIыналъэ администрацэм и ЩIалэгъуалэ советым и унафэщI Iэрэмысэ Тимур къызыхэкIари щапIари адыгэ унагъуэщ, анэдэлъхубзэр, хабзэр, нэмысыр анэ быдзышэм хэлъу зыщIэзышащ. Адыгэ нэсыр зэпIэзэрыту, шыIэныгъэ хэлъу, щхьэщытхъум зыпыIуидзу щытын хуейуэ къелъытэ абы. А щIалэщIэм и зэфIэкIым укъигъэуIэбжьыжми, езыр и щхьэ тепсэлъыхьыну кърипгъэкIуркъым.**



IЭРЭМЫСЭ Тимур 1996 гъэм Арщыдан къуажэм къыщалъхуащ икIи и ныбжьыр илъэситху фIэкIа мыхъуауэ курыт еджапIэм щIагъэтIысхьэри, дыщэ медалкIэ къиухащ. Дэтхэнэ зы сабийми хуэдэу, школыр абы унэ етIуанэт, куэдым зыщригъэсащ, щIэныгъэм и къарур зыхищIащ, усыгъэми хьэщыкъ хуэхъуну хунэсащ.

Курыт еджапIэм иужькIэ Тимур щIэтIысхьащ РАНХ-м. Япэ курсым щыщIэдзауэ зыкъигъэлъэгъуащ щIалэ жыджэру, лэжьакIуэшхуэу. Жылагъуэ Iуэхугъуэхэм зэрыдахьэхым, тыншу зэрыпэлъэщым къыхэкIыу, Iэрэмысэр зыщIэс еджапIэ нэхъыщхьэм щыIэ Студентхэм я парламентым и унафэщIым и къуэдзэу хахащ. Абы и къалэнхэм хиубыдэрт зэIущIэхэм, зэхуэсхэм хэтыну, парламентыр зэлэжь Iуэхухэр игъэлъэгъуэну.

2014 гъэм Тимур къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм икIи КъБКъУ-м щIэтIысхьащ. КъищынэмыщIауэ, жылагъуэ лэжьыгъэм пищэжащ: Налшык къалэ администрацэм и ЩIалэгъуалэ советым, илъэс ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ палатэм щыIэ ЩIалэгъуалэ советым хагъэхьащ. Абыхэм щызэфIигъэкI лэжьыгъэр къалъытэри, ар ягъэкIуащ Сочэ къалэ щекIуэкIа, ЩIалэгъуалэ политикэм теухуа Iуэхухэм щытепсэлъыхьа VIII Дунейпсо зэхуэсым, «Территория смыслов на Клязьме» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэм, «Мэшыкъуэ - 2016» щIэныгъэ зэхуэсым, нэгъуэщIхэми.

А псоми къыдэхуэу, Iэрэмысэр дехьэх щIэныгъэми. Псалъэм папщIэ, урысейпсо, щIыналъэ зэпеуэхэм зыкъыщегъэлъагъуэ икIи сытым дежи япэ увыпIэр къехь. Апхуэдэу, Тимур бжьыпэр щиубыдащ щIыуэпсым теухуа «ЩIыр ди зэхуэдэщ», «Бзэр щыIэху - лъэпкъыр щыIэнущ», «Адыгэ тхыбзэ» зэпеуэхэм, «ЕхъулIэныгъэ-2016» зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ. Абы щIэныгъэ лъагэ зэрыбгъэдэлъым и щыхьэтщ Налшык, Дон Iус Ростов, Ставрополь къыщытригъэдза тхыгъэхэр.

Iэрэмысэ Тимур зэрыжиIэмкIэ, щIалэгъуалэр гу къабзэ-псэ къабзэу, хьэрэмагъ ягу имылъу, фIым щIэхъуэпсу къотэдж. «НыбжьыщIэхэм я жэрдэмыр IэщIамыудмэ, къыхалъхьэ Iуэхумрэ гупсысэхэмрэ зезыгъэужьын нэхъыжьхэр къагъуэтмэ, гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжын папщIэ куэд ялэжьыфынущ», - къыхегъэщ абы.

Тимур и ныбжькIэ щIалэми, зригъэгъуэта ехъулIэныгъэхэр умыгъэщIагъуэун плъэкIыркъым. Ди гугъэщ апхуэдэ гукъыдэжым щIэгъэкъуэн иIэну, езыми нэхъыбэж лъэкIыну, лъэпкъыр, къэралыр зэрыгушхуэ узэщIакIуэ къыхэкIыну.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● Юбилей

# Канунников Анатолий дохъуэхъу



**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ, жылагъуэ къэпщытэныгъэмрэ хабзэм тетыным и IуэхухэмкIэ и комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Канунников Анатолий Данил и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.**

«ПщIэ зыхуэтщI Анатолий Данил и къуэ!

Уи ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъумкIэ дигуми ди псэми къыбгъэдэкIыу дынохъуэхъу!

IэщIагъэкIэ уи Iэзагъыр, гъащIэм къыщыбгъэлъэгъуа зэфIэкIыр, къыпхуагъэфэща Iуэхум жэуаплыныгъэшхуэ уиIэу узэрыбгъэдыхьэр сыт щыгъуи сэбэп хуохъу лэжьыгъэ инхэр зэфIэпхынымкIэ.

Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу ущыткIэрэ, илъэс куэд хъуауэ, уэ жыджэрагъ инрэ тегушхуэныгъэрэ пхэлъу, гугъуехь куэд къызэбнэкIыурэ, къызэрыгуэкIыу щымыт социально-экономикэ щытыкIэ хьэлъэм пхузэфIэкI псори уощIэ щэнхабзэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм ар яхэпщэнымрэ папщIэ.

ФIыщIэ пхудощI гъащIэ екIу зэрепхьэкIым, къыхэпха Iуэхум узэрытетымрэ хьэлэлу узэрыхуэлажьэмрэ къыхэкIыу. Ди фIэщ мэхъу, уи жыджэрагъыр, щIэныгъэ куур, зэфIэкI лъагэр, уи къару псори хэплъхьэу узэрылэжьэфыр дяпэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми зэрыщыту къазэрыхуэщхьэпэнур.

Ди псэм къыбгъэдэкIыу дынохъуэхъу илъэс куэдкIэ иджыри ужыджэрыну, узыншагъэ мыухыж уиIэну, гукъыдэж ущымыщIэну. Сыт щыгъуи къыбдрегъуэгурыкIуэ ныбжьэгъу пэжхэр, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ я лъагъунэгъэм къаруущIэ къыпхрелъхьэ уи IуэхущIафэхэм я дэтхэнэ унэтIыныгъэми ехъулIэныгъэхэр къыщыпхьыну!», - итщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм я хъуэхъум.

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 14,** *щэбэт*

♦**Стандартхэм я дунейпсо махуэщ**. 1946 гъэм къызэрагъэпэщащ Стандартизацэмкiэ дунейпсо зэгухьэныгъэр

♦**Белоруссием Анэм и махуэр щагъэлъапIэ**

♦**1851 гъэм** Лондон къыщызэрагъэпэщащ «Рейтер» инджылыз хъыбарегъащIэ агентствэр. Ар иджыпсту дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

♦**1860 гъэм** Петербург Мариинскэ educationalоперноперэ театр къыщызэIуахащ.

♦**1926 гъэм** Лондон къыщыдэкIащ «Винни-Пух» тхылъыр, Милн Алан Александр и IэдакъэщIэкIыр. Ар бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, экземпляр мелуан бжыгъэкIи къыдэкIащ. Заходер Борис урысыбзэм къригъэзагъэри, ди къэралми ар таурыхъ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэхэм хабжэ щыхъуащ.

♦**1943 гъэм** Запорожье къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1944 гъэм** МГУ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и факультетыр Москва дэт къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ къэрал институту зэрахъуэкIащ.

♦**1957 гъэм** и лъэщагъ псомкIи лажьэу яутIыпщащ Индыл псым тращIыхьа ГЭС-р

♦**1964 гъэм** Брежнев Леонид КПСС-м и ЦК-м и Секретарь Нэхъыщхьэ, СССР-м и унафэщI къулыкъум ягъэуващ.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Павел Езанэм и щхьэгъусэ, къэралым и императору щытахэу Александр Езанэмрэ Николай Езанэмрэ я анэ **Романовэ Марие** къызэралъхурэ илъэс 258-рэ ирокъу.

♦США-м и 34-нэ президенту щыта **Эйзенхауэр Дуайт** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, оператор, УФ-м и цIыхубэ артист **Чухрай Павел** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Темрокъуэ Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Гимнаст цIэрыIуэ, Олимп джэгухэм медаль 15 (абыхэм ящыщу блыр дыщэу) къыщызыхьа **Андрианов Николай** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Хоккеист, гъэсакIуэ, Олимп джэгухэм тIэунейрэ я чемпион, къэралым, Европэм, дунейм я чемпионатхэм мызэ-мытIэу щытекIуа **Касатонов Алексей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Модельер, УФ-м и цIыхубэ художник **Юдашкин Валентин** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Ставрополь щIыналъэм и губернатор **Владимиров Владимир** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 15,** *тхьэмахуэ*

♦**Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Iэхэр тхьэщIыным и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Сабий фондым къыхилъхьэри, а махуэр 2008 гъэм ягъэувауэ щытащ, къабзагъэм узыншагъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм цIыхухэм иджыри зэ гу лърагъэтэн мурадкIэ.

♦**Къуажэм щыпсэу цIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ**. Дунейм цIыхуу тетым я Iыхьэ плIанэр къуажэдэс цIыхубзщ - арaщ абыхэми махуэ хэха яхуэфащэу къыщIалъытар.

♦**1806 гъэм** Урысей империем къыхагъэхьащ Баку хъаныгъуэр.

♦**1967 гъэм** Индыл и Iуфэм иIэ Iуащхьэм - Мамаев курганым - деж щагъэуващ Сталинград щекIуэкIа зауэм лIыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм хуащIа фэеплъыр.

♦**1990 гъэм Горбачёв Михаил** Нобель и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦УсакIуэ, осетин литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, скульптор, сурэтыщI **Хетагуров Коста** къызэралъхурэ илъэси 158-рэ ирокъу.

♦Урыс усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ **Лермонтов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 203-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, журналист **Ильф Илья** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **IутIыж Борис** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Рок-музыкант, тхакIуэ, «Наутилус Помпилиус» гупыр къызэзыгъэпэща **Бутусов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Басков Николай** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, Олимп джэгухэм (2008 гъэ) я чемпионкэ **Дементьевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 16,** *блыщхьэ*

♦**Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Анестезием и дунейпсо махуэщ**

♦**IуэхущIапIэм и унафэщIым и махуэщ**

♦**Армением и прессэм и махуэщ**

♦**1946 гъэм**, Нюрнберг судым и унафэкIэ, нацист щIэпхъаджащIипщIым я щхьэхэр палъащ. Абыхэм яхэтащ Гитлер и дарэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэу щытахэу Риббентроп Иоахим, Кейтель Йохан Густав, Кальтенбруннер Эрнст сымэ.

♦**1962 гъэм** лэжьэн щIидзащ «Юность» радиостанцым.

♦**1964 гъэм** Китайм япэ атом бомбэр щагъэунэхуауэ щытащ. Ар къыщагъэуащ Лобнор гуэлым пэмыжыжьэу иIэ полигоным.

♦**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я съезд.

♦Каир щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрып усакIуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Щэукъий Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Бубэ** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературэдж, критик, публицист **ТIымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ШэджыхьэщIэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Оперэ уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Хворостовский Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Фыз дахэ тхьэмахуэ фызщи, фызыфI ныбжьырей фызщ.**

# Дэсщ Къундетей МыдрыщIым лъэпкъ дахэ - ЩакIуэхэ

## Жэндар и къуэ Сыхьэт

**Псы Iэджи ежэхащ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ, ауэ абы и Iэужь бзаджэр ноби кIуэдыжакъым. А зэман хьэлъэр зи нэгу щIэкIахэм ягу къагъэкIыжынрэ зэхуаIуэтэжынрэ я мащIэкъым. ТекIуэныгъэ Иныр щыдгъэлъапIэкIэ, а псор я гущIэм нэхъ гуащIэу къыщызэщIорыуэж. Сыту жыпIэмэ, усакIуэм къызэрыхигъэщащи, «ТекIуэныгъэм и махуэр нэпскIэ гъэнщIа гуфIэгъуэщ». ЦIыху хей дапщэм я псэр щIата абы, дапщэм я щхьэр зэуапIэ губгъуэм щагъэтIылъа? Бэлыхьищэр зи фэм дэкIа лIыжь-фызыжьхэр-щэ, зеиншэу къэна сабийхэм яшэчар сыт хуэдэ псалъэкIэ къыпхуэIуэтэн?**

ФIЫЦIАГЪЭКIЭ гъэнщIа а илъэсхэм ущриплъэжкIэ, псэзэпылъхьэпIэм ита ди цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ къалъыкъуэкIа къару мыкIуэщIыжымрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Зауэ мыгъуэжьыр Iэ щIыIэкIэ зыхэмыIэбауэ ди къэралым зы унагъуи искъым. Я унэхэмрэ я Iыхьылхэмрэ къагъанэри, совет цIыху мелуанхэр фронтым кIуат. Абдеж щегъэжьауэ ди зауэлIхэм я гъащIэр зэманым къыпибжыкIырт. Арами, пэжыр зэрытекIуэнур я фIэщ хъурти, мафIэ лыгъэм хыхьэну хьэзырт. Мис абыхэм ящыщт ЩакIуэ Сыхьэт Жэндар и къуэр.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м дзэм ираджэри, лIыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу, ар Хэку зауэшхуэм хэтащ. Шэджэм Езанэ къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэшхуэм къыщыхъуа щIалэр зэрыбынибгъум я нэхъыжьт. МащIэми, гъащIэ илъэгъуат, къэралым къыщхьэщыхьа шынагъуэр зыхуэдэр фIыуэ къыгурыIуэрт. Iэщэ къыщIащтэ щхьэусыгъуэти, фашистхэм къагъэлыда мафIэм щхьэмыгъазэу хыхьащ, абы пхыкIри, Берлин нэсащ, лейзехьэхэр я гъуэм ириукIыхьыжащ. Мис апхуэдэу къэмыланджэжу махуэ 1418-кIэ зэуапIэ IэнатIэм пэрытащ, си псэр нэхъыфIщ жимыIэу, ТекIуэныгъэ лъапIэр къигъэблэгъащ. Езыр шофёрти, етIысэхыну хуиттэкъым, жэщ-махуэ имыIэу, Iэщэ-фащэр игъэIэпхъуэрт, зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм ар псынщIэу икIи зэпымыууэ нигъэсын хуейт. Апхуэдэхэм деж, хъийм икIауэ, Iэщэрэ топышэрэ къезышэкI, зыгъэIэпхъуэ автомашинэхэм бийм и кхъухьлъатэхэр ерыщу къещакIуэрт. Гупышхуэу къащхьэщыхьэрти, щIыр бомбэкIэ иравыкIырт. Ныбжьэгъу куэд щыфIэкIуэдащ ЩакIуэм илъэсиплIкIэ икIуа гъуэгу шынагъуэм, гукъутэ Iэджэ и нэгу щыщIэкIащ. Дапщэщи нэIурытти, зыхэта 840-нэ автомобиль батальонми, 167-нэ танк бригадэми, 226-нэ танк полкми, 331-нэ езырызекIуэ топгъауэ полкми пщIэшхуэ щиIэт. И къалэн нэхъыщхьэр, щытыкIэр сыт хуэдэу мыткIийми, сэлэтхэр темыпыIэу зыпэплъэ Iэщэмрэ топышэхэмрэ зэуапIэм нэгъэсынырт. Ар икъукIэ гугъут: узыпхымыкIыф ятIэр, уэс куур, Iумыл гъуджэр губгъуэ гъуэгуншэм щызэщIигъэхьэн, къуакIэбгыкIэхэр, бгылъэ задэхэр, пшахъуэщI къумылъэхэр къызэринэкIын хуейт, абы щыгъуэми фашистхэм я бомбэр къыптелъалъэу.

ЗэуапIэ губгъуэм зи псэр щызытахэр, хъыбарыншэ хъуахэр мелуан бжыгъэ мэхъу. Ауэ Сыхьэт нэрымылъагъу къару гуэрым къихъумэми ярейт. «Джанэ пщыгъыу укъалъхуащ», - къыжраIэрт. ГъэщIэгъуэныр аракъэ, илъэсиплI енкIэ жыхьэнмэм и курыкупсэм хэта зауэлI хахуэм бийм и зы фочышэ, лагъым е бомбэ къутахуэ къылъэIэсакъым. ПсэзэпылъхьэпIэ бзаджэм ихуэкIэ гужьейтэкъым, зышыIэныгъэшхуэ хэлът, хэкIыпIэ гуэри щымыIэжу къыщыхъухэм деж, и дзэр зэтрикъузэрти, и щIыбкIи и гупэкIи бомбэхэр къызэрыщыуэм емылIалIэу, газым трикъузэрт. Зэкъым е тIэукъым абы и машинэр бийм и топышэм зэрикъутар, итIани, фэбжь лъэпкъ химыхыу, къелащ.

МЫ IУЭХУГЪУЭР ЩакIуэм щIэх-щIэхыурэ игу къигъэкIыжырт.

Варшавэ къалэм и Iэшэлъашэм нигъэса топышэхэр ирахыу игъэзэжа къудейуэ, макъышхуэ ищIу къэуа лагъымым и машинэр дридзейри, щыкъуей ищIат. Ар зи нэгу щIэкIа зауэлIхэм Сыхьэт къелауэ я фIэщ хъуртэкъым. Мохэр щынэсам, зэран гуэри емыкIауэ, транспорт къутахуэхэм ябгъукIэ къыщылът. ИлъэсиплIым къриубыдэу апхуэдэ шынагъуэ куэдым адыгэлIыр хуэзащ.

Шэджэм щыщ щIалэм и кIэныр къикIат - ар хэтащ Берлин зыхъумэ бий ерухэм хуагъэхьэзыра «прожектор» атакэ цIэрыIуэм. Маршал Жуковым къигупсыса а Iэмал гъуэзэджэм ди зауэлI егъэрыкIуэхэм я гъуэгур игъэнэхурт, фашистхэм я нэр щигъэункIыфIыкIырти, гъэхуауэ ди дзэм къаригъауэртэкъым. Топхэр, танкхэр, кхъухьлъатэхэр зэуIуу егъэрыкIуэрт, фашистхэр хагъащIэу, лъэсыдзэхэри ерыщу ипэкIэ кIуатэрт. А къару лъэщым зэрыпхъуакIуэхэр къапэщIэтыфакъым. Лейзехьэхэм я къалащхьэм щебгъэрыкIуэм къигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хэхуагъэмрэ къапэкIуэу, «Берлин къызэрищтам папщIэ», медалыр къыхуагъэфэщащ. А дамыгъэ лъапIэм къыдэкIуэу, «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Зауэм къыщихьа фIыщIэм папщIэ» медалхэм Сыхьэт и бгъэр ягъэдахэрт. ЩакIуэр дзэм къыщыхэкIыжар ТекIуэныгъэр къыщытхьа илъэсым и гъэмахуэкурщ. КъэкIуэжыным и пэ къихуэу, 1945 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м, нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIи кърататщ:Хэкур хъумэжыным, бий бзаджэр зэхэкъутэным къимыкIуэту зэрыщIэзэуам и щыхьэту, «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщащ. Апсом



ЩакIуэр бжьыфIэ щIэхъукIырт.

Сыхьэт и щхьэгъусэ Хужьпагуи, адрей и Iыхьлыхэри илъэсиплIкIэ зыпэплъа, Тхьэ щIелъэIуа махуэр къэсащ. Узыншэу, лажьэншэу ТекIуэныгъэр къахуихьри, ар лъэпкъым къахуэкIуэжащ. Зауэ гущIэгъуншэм ипсыхьауэ гъащIэм и уэрыпIэм хыхьэжати, цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным, и унагъуэр зыхуей хуэгъэзэным къаруушхуэ ирихьэлIэрт, псэукIэри хуэмурэ зэтеувэжырт. Апхуэдэурэ зауэм и пэкIэ ягъуэта сабийм нэгъуэщIихи къахэхъуати, къаIэтащ, ирагъэджащ.

ГъащIэ мащIэт Сыхьэт: и къуэрылъхупхъурылъхухэмрэ абыхэм къатепщIыкIыжахэмрэ гу ящихуэну, я гуфIэгъуэ хэтыну къыхуиухатэкъым, 1971 гъэм дунейм ехыжащ. Ауэ и щIэблэ 35-рэ Шэджэм щIыналъэм щопсэу, щоджэ, зыщауэж, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта я дадэм иригушхуэу, и фэеплъым пщIэ хуащI.

Ветераныр къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу, районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм къыщызэрагъэпэща зэIущIэм цIыхушхуэ зэхуишэсат. Пщыхьэщхьэм ирихьэлIат Шэджэм щIыналъэ, къалэ администрацэхэм, абыхэм я къудамэхэм я унафэщIхэр, и щIэблэр, и Iыхьлыхэр, фIыуэ зыцIыхуу щытахэр. Сыхьэт ипхъу Майе и адэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ. ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Уэдыжь Хьэсанш, ветеранхэм я район советым и тхьэмадэ Iэрыпщэ Борис, щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Ларисэ сымэ, нэгъуэщIхэми яхэмытыж нэхъыжьыфIым псалъэ гуапэ куэд хужаIащ.

- Нобэ псэухэми, дяпэкIэ къытщIэхъуэну щIэблэми я къалэнщ псэкIэ, лъыкIэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ Хэкур зыхъумахэм яхуэфащэ пщIэ яхуэтщIыну, я цIэр тIэтыну, я фэеплъыр тхъумэну. Ар дызэрифарзыр зы махуи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, сыту жыпIэмэ, абы къэралыр егъэлъэщ, егъэбыдэ, лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуещI, зэрешалIэ, лъахэм, лъапсэм я лъапIэныгъэхэр кууэ зыхыуегъащIэ. ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа ЩакIуэ Сыхьэт хуэдэхэм я гъащIэр, къакIуа гъуэгуанэр а зэман хьэлъэм и тхыдэщ, ди цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыгъэм и фэеплъщ, щIэблэр гупсысэ узыншэм хуэзыгъэуш, фIым ухуезыджэ лъапIэныгъэщ. Мис а лъапIэныгъэхэр дыхуэсакъыу тхъумэн икIи дгъэбэгъуэн хуейщ, - къыхагъэщащ абыхэм.

Сыхьэт зыдихьэхыу щыта къафэхэр ягъэзэщIащ. Зауэм теухуа уэрэдхэр зыхилъхьэ щыIэтэкъыми, «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым и солистхэм ахэр жаIащ, ипхъу Тамарэ и адэм хуитха усэхэми зэIущIэм къыщеджащ.

Зэхыхьэ гуапэр щызэхуащIыжым, лъэпкъым и нэхъыжь МуIэед Шэджэм щIыналъэм и къуэ пэж, Хэку зауэшхуэм и ветеран ЩакIуэ Сыхьэт Жэндар и къуэм и фэеплъ пщыхьэщхьэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ, я зэфIэкIым хэхъуэну, апхуэдэ зэIущIэ щхьэпэкIэ цIыхухэр дяпэкIи куэдрэ зэхэтыну ехъуэхъуащ.

ФЭЕПЛЪ... Фэеплъыр блэкIам ухэзышэж гупсысэ къудейкъым. Ар щIэныгъэщ, дерс ткIийщ, куэдым ухуэзыущий икIи ухуэзыгъэуш къарущ. ЩакIуэ Сыхьэт и феплъ нэхур ящымыгъупщэу, зыцIыхуу щытахэм я гум Iэфlу илъщ, сыту жыпIэмэ, ар дапщэщи лъапIэщ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

## Бадзырэ и къуэ Зырамыку

**Дзэ Плъыжьым зэрыхэтымкIэ щыхьэт тхылъ яIыгъын хуейт - Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ар зауэлIхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыт. Апхуэдэ тхылъ зимыIэхэр яубыдырт. ЩакIуэ Зырамыку ейм и «и званиекIэ лейтенантщ» жиIэу наIуэу къыхэгъэбелджылыкIат.**

ЩАКIУЭ Зырамыку Бадзырэ и къуэр 1906 гъэм Къундетей (Шэджэм Езанэ) къуажэм къыщалъхуащ. Школ нэужьым, адрей и ныбжьэгъухэми хуэдэу, адэкIи еджэну, и лъахэм хьэлэлу хуэлэжьэну, псэукIэ тэмэм иухуэну щIэхъуэпсырт. И мурадхэм ящыщ куэди къехъулIат. НыбжьыщIэ жыджэрым, нэфIэгуфIэм цIыху гуащIафIэ къищIыкIат, езыр унагъуэ хъуати, гугъэ щэхухэр гъащIэм хузэпищэрт...

Ауэ ди цIыхухэм я мамыр псэукIэр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэпаудащ. Зауэ шынагъуэр къыщыхъея япэ махуэхэм - 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м - Зырамыку дзэм даш. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ щIалэр, япэщIыкIэ, офицерхэр щагъэхьэзыр курсхэм ягъакIуэ, ар хъарзынэу къиуха нэужь, 51-нэ армэм и 59-нэ полк щхьэхуэм хагъэхьэ. Абдеж щыщIидзэри, Кърым, Кубань щIыналъэхэм, Новороссийск къалэм и Iэшэлъашэм, Ипщэ фронтым щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ, Сталинградрэ Кавказымрэ хуит къыщащIыжым, лIыгъэм и щапхъэ къигъэлъэгъуащ.

ИлъэсиплIым къриубыдэу зэкъым е тIэукъым Зырамыку ажалым и нэгум зэриплъар. ХэкIуэда и ныбжьэгъу зауэлIхэм ящыщу и IэкIэ щIилъхьахэр псэухункIэ щыгъупщакъым. 1943 гъэм Матвеев Iуащхьэм щебгъэрыкIуэм и Iэ сэмэгур, къыкIэлъыкIуэ илъэсым и гъатхэпэм Керчь хуит къыщащIыжым и лъакъуэр уIэгъэ хьэлъэ хъуати, зэпымыууэ зыкъригъащIэрт. Шэджэм щыщ зауэлI щхьэмыгъазэр ТекIуэныгъэм и махуэм Кёнигсберг къалэм щыIущIащ, ауэ къыщигъэзэжар фашистхэр зэхакъутэу мазэ зыбжанэ дэкIа нэужьщ, фокIадэм и 25-рщ. Зыхэта мафIэ лыгъэр, куэдрэ зэрыхуа псэзэпылъхьэпIэ бзаджэр и пщIыхь зэпытт. Iугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщIащта зэуапIэ губгъуэр, сырымэмрэ лъымэмрэ якуда хьэуар, жыхьэнмэм и курыкупсэм къихута уIэгъэхэр, техникэ, псэуалъэ зэхэкъутахэр и нэгу щIэкIыртэкъым - а псори псэкIэ игъэвырт.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и тхыдэм нэхъ гуащIэ дыдэу икIи гущIэгъуншэу къыхэна а зэпэщIэувэныгъэ гуащIэм къэмыланджэжу хэта ЩакIуэ Зырамыку, и насыпыр текIуэри, къелащ. Дзэм къыщыхэкIыжам, абы и бгъэм къэрал дамыгъэ лъапIэу 8 къыхэлыдыкIырт. Апхуэдэт Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэр, «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «Зауэм къыщихьа фIыщIэм папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

Къигъэзэжа нэужь, ЩакIуэр Сталиным и цIэр зезыхьэ колхозымрэ Шэджэм МТС-мрэ шофёру щылэжьащ, иужькIэ районым и гъэзэщIакIуэ комитетым ирагъэблагъэ. 1947 гъэ лъандэрэ коммунист партым хэтт, гумызагъэт, жэрдэмщIакIуэти, цIыхубэ депутатхэм я Шэджэм Езанэ къуажэ советым и тхьэмадэу хах. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, КПСС-м и райкомым и бюром и унафэкIэ, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ а къалэныр Зырамыку дзыхь хуащI. ЩакIуэр цIыху зэпIэзэрытт. Псэуныгъэм пыщIа Iуэхухэр япэ иригъэщырт. И пщэрылъхэм зэрегугъум, пэжым зэрырителъхьэм папщIэ, къуажэдэсхэм абы пщIэ хуащIырт.

Зауэм щызэрихьа лIыгъэм нэгъуэщI зы дамыгъи къыпэкIуэжат. А лъэхъэнэм абы къыхуагъэфэщауэ щыта «Бэракъ Плъыжь» орденыр 1956 гъэм кърагыжат.



Дэнэ щIыпIи хуэдэу, Шэджэм Езанэми псэукIэр хуэмурэ щызэтеувэжырт. Пэжщ, гугъуехьхэр иджыри мащIэтэкъым, ауэ, къуажэ унафэщIым зэрыжиIэу, я жылэр адрейхэм къакIэрыхуртэкъым. Езы Зырамыку унагъуэшхуэхэм ящыщти, ахэр егъэджэныр, къэIэтыныр зыхуэдэм фIыуэ щыгъуазэт. И бынхэу Мухьэмэдин, ХьэIишэт, Хьэсэн, ФатIимэт, Хъусейн сымэ гъэсауэ къызэрыхъуам, яхуэфащэ увыпIэ мы гъащIэм зэрыщагъуэтам абы и фIыщIэшхуэ хэлъщ. Сыту жыпIэмэ, адэм и лэжьэкIэр, и цIыху хэтыкIэр я гъуазэт, и жыIэр яфIэлъапIэт, къыдекIуэкI хабзэр я щапхъэт. А псор нобэ IэфIу ягу къагъэкIыж.

Зауэм хиха фэбжьхэм закъригъащIэ зэпытт. Абыхэм зэрыхузэфIэкIкIэ япэщIэтми, пэлъэщакъым. Унагъуэ быдэм IэщIэкIащ гуащIафIэу, ныбжьэгъу пэжу, адэ гумащIэу дунейм тета, бэм хьэлэлу хуэлэжьа тхьэмадэ угъурлыр.

Гъэунэхуныгъэшхуэм и пащхьэм иригъэуват Хэку зауэшхуэм ди цIыхухэр. ТекIуэныгъэ лъапIэр къагъэблэгъэн щхьэкIэ, абыхэм зэрахьа лIыгъэр, хахуагъэр, къэмыланджэж лэжьыгъэр сыт хуэдэ псалъэкIэ пхуэIуэтэщIын! БлэкIам и фэеплъу, а псор ди тхыдэм игъащIэкIэ хыхьащ. Ди щхьэхуитыныгъэм щIэзэуахэр, бий ерум зэхикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм я цIэр зэи ящыгъупщэнукъым. Шэджэм щIыналъэм и къуэ пэж ЩакIуэ Зырамыку и фэеплъыр къызыхэкIа лъэпкъым дапщэщи зэригъэлъэпIэнум, абы и щапхъэм щIэблэр зэрыщIапIыкIынум шэч хэлъкъым.

**ЩОДЖЭН Иннэ.**

● ФщIэуэ пIэрэ?



**Темыркъанхэ я нэхъыжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, абыхэм я унэцIэр ЩакIуэ Темыркъан деж къыщожьэ.**

**ЗэманыфI дэкIащ ар къызэрыхъурэ - илъэси 150-рэ хуэдиз. Ауэ ноби Темыркъанхэ къызытехъукIар фIыуэ ящIэж.**

*Сурэтым:* **УФ-м и цIыхубэ артист Темыркъан Борис, КъБР-м щIыхь зиIэ и художник Темыркъан Владимир, СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ.**

*1969 гъэ*

## Исхьэкъ и къуэ Талъостэн



ЩакIуэ Талъостэн Исхьэкъ и къуэр 1890 гъэм щIышылэм и 14-м Шэджэм Езанэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Октябрь революцэм и пэкIэ Талъостэн къиухащ класситI къуажэ школыр. 1918 - 1920 гъэхэм Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIащ. КъыкIэлъыкIуэу ар щеджащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэм. Абы иужькIэ ЩакIуэм Дон Iус Ростов къалэм журналистхэр щагъэхьэзыр курсхэр къыщиухащ икIи 1929 гъэ пщIондэ «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и редакцэм щылэжьащ. 1932 гъэм къыщыщIэдзауэ 1937 гъэм пщIондэ, и узыншагъэр фIэкIуэдыху, Талъостэн тхылъ тедзапIэм и редактору щытащ. И узыншагъэр мытэмэмыжми, абы тхэныр зэпигъэуакъым, 1972 гъэм дунейм ехыжыху.

1923 гъэм къыщыщIэдзауэ печатым къытехуащ Талъостэн и IэдакъэщIэкIхэр. Абы тхэн зэрыщIидзар усэкIэщ икIи тетхыхьащ япэм мэкъумэшыщIэм яIа псэукIэ хьэлъэм («Iэхъуэ», «Къуажэжь»), Октябрь революцэм иужькIэ цIыхухэм ягъуэта гъащIэ гуфIэгъуэм («Совет щIэблэ», «Трактор», «Гъубжэ уадэ», «Колхоз пщыIэ»).

Иужьрей илъэсхэм абы итхащ «Алий цIыкIу» повестыр, сабийхэм папщIэ рассказ куэд, ауаныщI усэ зыбжанэ. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм дунейм къытехьащ «ЕIуащIэ» (1959), «Алий цIыкIу» (1960), «ГъащIэм и лъэбакъуэхэр» (1969) тхылъхэр.

**АБАЗЭ Албэч.**

## Исхьэкъ и къуэ Щыхьымджэрий

**ЩакIуэ Щыхьымджэрий Исхьэкъ и къуэр хуэкъулей унагъуэм 1892 гъэм къыщалъхуащ. И анэ Хьэжпагуэ илъэс 65-рэ, и шыпхъу ЛатIэ - 13, и къуэш Аслъэн - 30, и къуэш Талъостэн илъэси 10 ирокъу.**

1914 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и 14-м зыщIидза Япэ дунейпсо зауэм кIуэну Къэбэрдей шу полкым япэу хыхьахэм Щыхьымджэрий ящыщщ. Япэ шууищэм и спискэм 40-нэ номеру къыщокIуэ.

***Езым теухуауэ:***

Илъэс 22-рэ и ныбжьщ, къулыкъум къозэгъ, и шыр пцIэгъуэплъщ, и сокур ижьымкIэ щыIэщ, и куэ сэмэгум «Т» дамыгъэ тетщ, илъэсибл мэхъу. Ипщэ Къухьэпlэ фронтым щызэуащ, Брусилов быдапIэ цIэрыIуэр пхызытхъахэм яхэтащ.

Щыхьымджэрий хахуэу зэрызэуар шууищэм и унафэщIым и рапортым къыщехь:

«Къундетей Езанэм щыщ шууей ЩакIуэ Щыхьымджэрий, Шепенице къуажэр къэтщтауэ адэкIэ дыщебгъэрыкIуэм, шэр къызэрытрагъэлъалъэм хуэдэу, езым и жэрдэмкIэ бийм и тIасхъапIэр къихутэри, щытыкIэфI къытхузэригъэпэщащ».

Абы къыпэкIуэу, ЩакIуэм Георгий жорым и еплIанэ нагъыщэр кърататщ.

Тхыдэдж Опрышкэ Олег «Бывают странные сближения» и тхылъым щетх: «Полкыр кIуэщIырт. И бжыгъэм хэщI зэпытт. Язынкъуэхэр Совет властым и телъхьэу къэувырт, я нэгу щIэкIхэмрэ я полкым щекIуэкIхэмрэ яхуэмыгъэву, къэкIуэнум гугъэ гуэри хуамыIэжу, адрейхэр зэбгрыкIыжырт. Апхуэдэхэр нэхъыбэт. 1918 гъэм гъатхэпэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей полкыр зэрыхъужыр шууейрэ офицеру 150-м щIигъурт. Абыхэм я нэхъыбэр, полкым и ныпым щIэту, 1914 гъэм зауэм кIуауэ щыта ветеранхэрт. Япэ шууищэм я спискэм хэтщ Шэру Хьэцу, Къып Темыркъан, Вынэ Жанхъуэт, Лий Барэсбий, Абзуан Исмэхьил, ЦIыпIынэ Мэзан, ЩакIуэ Щыхьымджэрий, Журт Къубатий».

**КЪУНДЕТ Быцэ.**

ЩакIуэ Тожан Сыхьэт ипхъу

## Насып шууей

Лъэпкъыр дахэ зыщIыр цIыхурщ,
Лъэпкъыр щIэблэрщ зыгъэбжьыфIэр.
Лъэпкъ и жьауэр - нэхъыжьыфIхэрщ,
Лъэпкъ и напэр ди Iэужьырщ.

ЩIэблэр иригушхуэу ену,
Пажэ хъуахэри ди куэдщ.
Ахэм я цIэ догъэIу ину -
Къытхэхъуахэм иралъагъу.

Куэду къытхэкIащ гъэсакIуэ,
ЦIыху гуащIафIэкIэ дыбейщ,
Кхъухьлъатэшхуэр зезыгъакIуи,
ТхакIуэ ини диIэщ дэ.

Къэрал Iуэху пэрыувахэм
ИкIуэтыжи къахэкIакъым,
Къулыкъу лъагэр зылъысахэм
ЩIыхь ямыIэу бгъэдэтакъым.

Хэку зауэшхуэм ираджахэр
Бийм къэмыланджэжу пэщIэтащ.
Зауэм Iуту хэкIуэдахэм
ЛIыгъэ къагъэлъагъуэу псэр ятащ.

Псэ зыгъэни дэ къытхэткъым,
ДыгъуэгъуакIуи димыIа.
Къуэ лIыгъэнши къытщIэхъуакъым,
Ар ди напщIэу щхьэр доIэт.

Ди тхьэмадэу нэхъыжьыфIхэм
Щапхъэ дахэр я Iэужьщ.
Дыхуэфащэм а Iэужьым,
Лъэпкъ узыншэу дыщытынщ.

Зым Iэпыхур зым къиштэжмэ,
Дызэкъуэту Iуэху здэтIэтмэ,
Нэхъыжь жиIэр гъуазэ тхуэхъумэ,
Лъэпкъыр бжьыфIэу дыпсэунщ.

Хабзэ дахэм дытетыжмэ,
ЩIалэгъуалэр дыущийжмэ,
Къэзылэжьым и пщIэр тIэтмэ,
ЩакIуэ лъэпкъым дыхуэфащэщ.

Ди гур къабзэрэ хьэлэлмэ,
ФIыр унагъуэм щытхъумэфмэ,
ДимыIэжхэр тщIыфмэ арэзы,
Лъэпкъым и пщIэр хъункъэ лъагэ.

ДиIэщ дэ дыщIэгушхуэни,
Ди щхьэр лъагэу щIэтIэтыни.
ЖыфIэ ахэм я цIэр нобэ,
Ирехъу хуэдэхэр нэхъыбэ.

Уэ ефIакIуэ, си лъэпкъ уардэ,
Дыгъэшэс насып шууей.
УмыутIыпщ блэкIам и фащэ,
Щыдгъэлъагъуэу дифI дунейм!




● Псалъэжьхэр

## Псыхьэлыгъуэ хыумыш

♦Гъатхэм жеяр бжьыхьэм магъыж.
♦Вы зымыIэм шкIэ щIещIэ.
♦Бжьэм ууей-сысей яIэкъым, зэдолажьэри зэдошхэж.
♦Джэдуужьым ещхьу щхьэнтэкум исщ.
♦Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыIэкъым.
♦Зи Iуэху егугъур дыгъэм япэ къотэдж.
♦Унэр зэращIа уэщыжьыр щIыбым щIадзыж.
♦Гъужа псыкъуийр уэсэпскIэ из пхуэщIыжын?
♦Псы къэмыжэм псыхьэлыгъуэ хыумыш.

КЪАРМЭ Iэсият

# КIагуэ Iэгъуапэншэ

Гъатхэпэщ. Дыгъэр гуащIэу къопс. Мамэшхуэ «Зингер» лъакъуэрыгъадэм пэрысщи, дзапэ уэрэд жиIэурэ шэцыкуэм Iуданэр трешэ. «Зингер»-р щхьэгъубжэм бгъэдэтщ, Мамэшхуэ пщIантIэр хуиту елъагъу... Щхьэгъубжэм адэкIэ къыщытщ псылъэшхуэ. КIэлош фIыцIэ цIыкIуитI лъыпыIуауэ абдеж щоджэгу илъэсих зи ныбжь Iэминэ. Ар хуэлIыIуэлIыфэщ. Чы къурагъ гуэр къигъуэтауэ бабыщыжьыр хьинтIыру кърехуэкI. МыкIуэмытэ хъужауэ мо бабыщ бэвыр щыщIивэм деж, мыдрейр зэрылъэлъу мэдыхьэшхри, кIэлош зэмыгуэгъуитIыр къызэдэфэу тоуэ-топкIэ.

Ауэрэ бабыщри къыIэщIоужагъуэри, зыгуэр игу къэкIыжауэ, ар псылъэмкIэ мажэ. Зэпэхъурей цIыкIур «Iыхь-сыхь» ищIурэ псылъэм допщейри щхьэгъубжэм доплъ... Дыгъэр тоцIуукI - зыри илъагъуркъым. И пэр абджым кIэрепIытIэри, IэгуитI натIэ ищIу пэшым щIоплъэ.

Мамэшхуэ и щхьэр къеIэт:

- Ехыт! Уемыхуэх щIыкIэ ех жысIаи!

Ар Iэминэ и тхьэкIумэм иIуэркъым, лъакъуэрыгъадэ нэзым телъ ныкъуэдым и нэр тедияуэ зэпеплъыхь. Сыту пIэрэ а хужьыбзэр... Бацэплъ цIыкIуи Iуту зы дахэ гуэрщ. Хэту пIэрэ зыхуидыр? Дауи, сэракъым...

Анэшхуэм зэригъэзахуэр адэкIэ зэпиплъыхьурэ Iэминэ къонэщхъей. «Уарэ жыIэ! КIагуэ цIыкIу! Хужьыбзэу, Iэгъуапэншэу, бацэплъ баринэкIэ къэщIыхьауэ кIагуэ Iэгъуапэншэ. Ухуейми къаплъэ, аргуэрыжьу IэтIатщ зыхуидыр. Ар нэхъыжьщи, мамэшхуэ мыувыIэу зыгуэр хуед е хуебз. НтIэ, тхьэ, IэтIат нэхърэ нэхъ IэфIу мамэшхуэ солъагъумэ. Езыми къызжиIэркъэ: «Си Iэминэ-дыху баринэ, си Iэминэ дыгъэ нэху»... ЖыIэ пщIэ щIатрэ? Дахэу щыIэр IэтIат ейщ. Ар чеснэ-тIэ?»

Дауэрэ зыкъигъэгубжьыжами, псылъащхьэм тету щхьэгъубжэм зэрыдэплъам хуэдизи пэмыту, пщащэр къытехьэпащ.

- Куэду фIыщ! Сыхуеиххэкъым, - жиIэу IэштIым тIыгурымкIэ щхьэгъубжэнэм тоуIуэ.

Анэшхуэм нэгъуджэр зыIуихыурэ Iэ къещI:

- Ех, си сабий... Ех, си дыгъэ-щыгъэ, уехуэхынщ.

Аратэкъым щхьэгъубжэм щIытеуIуари, Iэминэ псынщIэрыпсалъэу кърепхъ:

Мэшхуэ-шхулъэ,
Пагуэ-пэгуныжь!

Арыххэу псылъащхьэм зыкърегъэщэтэхри, макIуэ-мэлъей, щызэранам деж зыздигъэпщкIу Дыкэ-мамэхэ зрегъэхь.

- УкъэкIуаи, сипхъу, - гуфIэу къоплъ абы Дыкэ, - мыбы узэрыщыIэр уи анэшхуэм ищIэрэ? УзэIына, тIу? Пагуэ щIэс, - жызоIэ...

- Н... н-нтIэ, - епIытI мыдрейм.

- Мыр сыту хуабжьу узэхэуцэрэфа... Е-е-ей, узэрана хъунщ аргуэру...

- Зыри аркъым-тIэ... И, Дыкэ, ныжэбэ уи гупэ сыхэбгъэлъын?

- Ахьеи ухэзгъэлъын, фотIатIэ! Мыдэ къакIуэ, мыдэ. Хъыршын пщтыр сиIэщ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIт. Дыкэ-мамэхэ я бжэщхьэIум теувауэ IэтIат маджэ:

- Дыкэ, Iэминэ фи деж щыIэ?

- НтIэ-нтIэ. КъэкIуатэт мыдэ. Сыт мы пщыгъ дахэр? А-а-а, Пагуэ пхуида къыщIэкIынщ, - Дыкэ игъэщIагъуэу IэтIат и кIагуэ хужьыр зэпеплъыхь, щIыIущхьэхэм йопэщэщ. - УокIупсри, Мэлэчыпхъу. Уамылъагъужкiэ уэ! УокIупс, на! ФIыкIэ зыухьэ, дахэ!

Бжэ дазэмкIэ къыдэплъурэ а тIум къакIэщIэдэIухь Iэминэ къыгурымыIуауэ къоуIэбжь: IэтIат щыгъ кIагуэр...

- Щхьэ зыкъэбгъэбзэха аргуэру? Мамэшхуэ къуигъэпщэнущи удгъуэтыркъым. Нэхъей, нэхъей псынщIэу! - IэтIат зигъэбалигъыу зыхеш, кIагуэщIэм зыкъыдыфIэщIыжащи зегъафIэ. Ауэ аратэкъым иджыпсту Iэминэ зи бэлыхь иукIыр. IэтIат щыгъ Iэгъуапэншэр хужьыбзэт - и къэдыхьри хужьу; адрей илъэгъуам и къэдыхьыр дэпу плъыжьт...

Зебыршэу здэкIуэм, Iэминэ мэгузавэ: еууей, мыгъуэ. Дауэ иджы Мамэшхуэ сызэрыIуплъэнур? Си бзэм сыхуиттэкъым. СыпыкIащ сэ дяпэкIэ схуадынуми. Хэт-тIэ къуаншэр? Зэщхьыркъабзэу, тIуащIэу сыт щыгъуи тхуэдэртэкъэ, Мамэшхуэ? Пэжу, зэхэдмыгъэгъуэщэн папщIэ, IущIыхь зэмыфэгъу тхуIуилъхьэртэкъэ? Еууей, еууей!

КIэлош зэмыгуэгъуитIыр зылъигъэхури, Iэминэ бгъукIэ кIуэуэрэ пэшым щIыхьащ. Анэшхуэр пIэкум ист, Iэпхъуалъэ дакъэр хикъуззэурэ щIыIунэ ирихыу.

- Къыздэбущыхьыр дэнэ, гуащэ Бичэ? Зэ мыхъуми зэ шарыщэм уихьынщи, уи Дыкэ-мамэр - мэхь-мэхь!

Мыдрейм и нэпсыр къызэщIэвауэ ерагъкIэ къыдрешей:

- Мэшхуэ, мы зэм къысхуэгъэгъуи... дяпэкIэ...

- Мэ, Бичэ, щытIагъи - сегъэплъ...

Iэминэ тогушхуэ: «Бичэ» - къыщыжриIэкIэ, зыкъыхуигъэгусакъым!

ПлъыжьыгъэкIэ къэщIыхьа кIагуэ хужь Iэгъуапэншэр быртIымым хуэфIыпст. Абы IитIымкIи Мамэшхуэ и пщэм зрешэкIри ба хуещI, нэгъуджэм кIэщIоплъэри:

- Ей, си мамэ IэфIышхуэ... Ныжэбэ уи гупэ сыхэбгъэлъын?

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым




**Тыркум щылажьэ Адыгэ бзылъхугъэ хасэм хэтхэр гъэмахуэм Хэкужьым щыхьэщIащ. Абыхэм зрагъэлъэгъуащ я къуэпсыр къыщежьэ щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэр, къищынэмыщIауэ, куэдым я унэкъуэщхэр къагъуэтыжащ икIи абыхэм я унагъуэхэм щыхьэщIащ. Апхуэдэу Тыркум къыщыхъуа Къудэбердокъуэ зэшыпхъухэу Фемихъан, Перихъан, Хъандан сымэ я лъэпкъыр щыпсэу Хьэтуей жылэм щыIащ. Ахэр Къудабердокъуэхэ Iэбурэ ДжэбрэIилрэ я унагъуэхэм ирагъэблагъэри ягъэхьэщIащ.**

**1873 гъэм Хьэтуей къуажэм дэкIыу Тыркум Iэпхъуа Къудэбердокъуэ Мырзэбэч и лIэужь етхуанэм и щIэблэщ зэшыпхъуищыр. Зэунэкъуэщ зэрыгъуэтыжахэм зэжраIэн я куэдт. Зэрызэрылъагъу зэманыр къаймэщIэкIыу ахэр зэбгъэдэсащ, дяпэкIи нэхъ зэрыщIэну, я зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэну зэгурыIуащ.**

● Хъуэхъу

## Налшык къалэ щыпсэу ГуэщIокъуэ Жаннэ Юрэ и пхъум и махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъу!



Узыншагъэ уиIэу, уи дунейр махуэ къэс щIэщыгъуэ пщыхъуу, гуауэм упэIэщIэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ уи бэу, берычэтыр уи Iэнэгуу, уи щIэблэм я ехъулIэныгъэм уригушхуэу, насып, фIыгъуэ мыухыжыр уи жьэгу дэмыкIыу упсэуну ди гуапэщ!

*Срыкъуэхэ, ХьэщIэлIхэ, ЩхьэщэмыщIхэ я унагъуэхэр.*

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Бжьыныхурэ форэ

Мы шхыныгъуэр щащIыр бжьыхьэрщ. Бжьыныху укъэбзар тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ, убалъэм иралъхьэри щабабзэ хъуху, и псыр къыщIэжыху яуб. Хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, абы фо щIэхуагъащIэ хакIэри фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр ягъэбыдэри зы тхьэмахуэ хуэдизкIэ щIыIапIэкIыфIыпIэм щIагъэт, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. Щашхынум и деж зэIащIэ. Шха иужькIэ зы бжэмышхышхуэ из трафыхьыж. Мы ерыскъыр я хущхъуэгъуэщ псчэрейхэм, Iупс бзаджэ, тхьэмщIыгъу, жьэжьей уз зиIэхэм.

***Халъхьэхэр:***
бжьыныху убауэ - г 2000, фоуэ - г1000.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● ГушыIэхэр

## КIий макъыр уэрэд мэхъуж

Хъуэжэ джэгум къыщIэкIыжауэ зы уэрам кIыфI гуэрымкIэ кърикIуэжырт. Ар бэлэрыгъауэ бжыхь лъабжьэмкIэ къыздрикIуэжым, зы хьэ гуэр пабжьэм къыхэцIэфтри, и цеикIэм къепхъуэри блэжащ. Хъуэжэ абы къигъащтэри, и къарум къызэрихькIэ «Уа-а-а!» - жиIэу кIийуэ щIидзащ.

Хъуэжэ и кIий макъыр мыужьыхыж щIыкIэ, дыхьэшх макъ и щIыбагъымкIэ къыщыIуащ. КъеплъэкIри къилъэгъуащ езым кIэщIу и ужь иту къэкIуэж здэгушыIэ хъыджэбзымрэ абы и ныбжьэгъумрэ. Ахэр къызэрилъагъуу, Хъуэжэ и кIий макъ «уа-а-а»-м нэхъри зригъэIэтри «рау-ри-рарий!» - жиIэу пигъэувэжащ, къащтэу зэрыкIияр уэрэд жиIэ хуэдэу хъыджэбзхэм къафIигъэщIыну икIи зыфIимыгъэIуэхуу лъабакъуэ хуабжькIэ ежьэжащ.

**МАХУЭ Алисэхь.**

# Псалъэзэблэдз

**ЕкIуэкIыу**: **1**. ПсыкIэ зыгуэрхэр тхьэщIыным, гъэкъэбзэным яужь итын. **4**. Уэлбанэ нэужьым щIым къыхэпщ псэущхьэ. **7**. МахуэцIэ. **10**. Пхъэм е былым бжьакъуэм къыхащIыкI, ар кърахуэкIыу цIыкIухэр щIымахуэм ириджэгуу щытащ. **11**. ... и фэр и бийщ. **12**. Iэщ пIащэ. **13**. Частицэ. **15**. Адыгэ тхакIуэ. А унэцIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **17**. Щхьэ цIэпапщIэ. **18**. Си анэр къызбгъэдыхьэри си натIэм щабэу ... къыхуищIащ. **19**. Тэтэрстаным нэхъыбэу щыпсэу лъэпкъ. **21**. Улажьэмэ, ... пшхынщ. **22**. Хадэм щагъэкI шхынхэлъхьэ удз. **23**. Анэм и дыщым бынхэр зэреджэр. **25**. УнэлъащIэ. **27**. ЛъагапIэ. **29**. Шыпсэм къызэрыхэщымкIэ, а фызыжьыр Iэмалшыщ. **30**. ЦIыхубз щыгъын. **36**. Жыгым и къудамэр паупщIа иужькIэ пхъэм къыхэнэр. **37**. МэракIуэ фIыцIэ къызыпыкIэ гъурц. **38**. Зыгуэр щащэ-къыщащэхум деж уасэ зэралъытэ дамыгъэ. **41**. Нартыху хъумапIэ. **42**. Хуужьгъа, пIастэ къыхащIыкI. **44**. УнэцIэ. **46**. Балъкъэрхэмрэ осетинхэмрэ абыкIэ йоджэ. **49**. Лым кIэрылъ щэ. **51**. УэрэджыIакIуэ ... Азэмэт. **52**. Щхъухь. **53**. Нобэ куэдыщэ къэскIухьати, ... сщIынкIэ сышынэрт. **55**. Iэщ яукIам и пкъым щыщ Iыхьэхэу шхын папщIэу ягъэхьэзыр. **56**. Пхъэм къыхэщIыкIа бжэмышх. **57**. Урысей эстрадэм щыцIэрыIуэ адыгэ уэрэджыIакIуэ пщащэ. **59**. Псы итыпIэшхуэ. **61**. Гум псэхугъуэ зэримыIэм къыхэкIыу бгъуэт узыгъэпIейтей щытыкIэ. **62**. Дин хабзэм емызэгъыу ялэжь Iуэху. **63**. Дыгъэр щыкъухьэм деж махуэм и пIэ иувэр. **65**. Нэ щхъуафэ. **66**. ЦIыхухэм фIыуэ ялъагъу къуалэбзу, ар зышхи щыIэщ. **67**. Мэз е мэкъушэ кIуэхэм къыздащтэ.

**Къехыу**: **1**. Лъакъуэм лъыгъыр хущIэрыуэу лъыхын. **2**. Кхъащхьэм тет, мывэм е пхъэм къыхэщIыкIауэ. **3**. ПщIантIэ дыхьэпIэ, хадэ ихьэпIэ сыт хуэдэхэм щхьэкIэ чийм ещхьу хуауэ ящI бжэ. **4**. ЦIыхухъуцIэ. **5**. Iэщ щIэтыпIэ. **6**. Куэдрэ темыужу къешх уэшх. **7**. МэракIуэ плъыжь-фIыцIафэ. **8**. Италием и къалащхьэ. **9**. Египетым адыгэхэр зэреджэр. **14**. Егъэлеяуэ цIыху ин, адыгэ таурыхъхэм ущрохьэлIэ. **16**. Гъавэ гъэтIылъыпIэ. **20**. Гуэгушми къазми ятрищIэ пшэр. **22**. Бгылъэ щIыпIэхэр зи хэщIапIэ гуэгуш. **23**. Iэщэм зыщахъумэн папщIэ пасэ зэманым зауэлIхэм зыщатIагъэу щытащ. **24**. Шым тес цIыху. **25**. ГъэшхэкI. **26**. ЛъапэкIэ кърахуэкI зэрыджэгу хьэпшып. **28**. УпщIэм къыхэщIыкIа щыгъын щIыIутелъ. **31**. Псэуалъэ. **32**. Псы ина. **33**. Уи машинэр ... зэбгъэпэщыжащ. **34**. Пэжыр зэрыщIахъумэ. **35**. Гъэсын хьисэпу паупщIа, якъута жыг. **39**. Iэщ шхын. **40**. Дыжьыныфэхужьыфэ металл быдэ. **41**. Дейм къыпыкIэ. **45**. Бгъавэу, бгъажьэу пшхы хъу хадэхэкI. **47**. ГъэщIэгъуэн. **48**. Къызэралъхурэ зэрыхъу зэманыр, илъэс бжыгъэр. **50**. ... нэхърэ шыпхъу нэф. **51**. Гъавэ зыдэлъ, Iэщ зыдэт колхоз пщIантIэ. **53**. Гъуаплъэм къыхэщIыкIа псылъэшхуэ. **54**. Къуаргъым нэ хуащIати, ... жиIащ. **57**. ...-нехьэкI зыхэмылъ Iуэхущ ар. **58**. ... къысхуэпщIурэ сыкъыдэпхьэхащ. **60**. Унэ лъэгур ..., утемыхьэ. **63**. Хьэуам хэт бахъэр щIыIэм игъэщту уэсым ещхьу щIылъэм къытехэр. **64**. ... вы бжьакъуэм къокI.

**ТАТЫМ Хьэзрэталий.**
*Къулъкъужын Ипщэ къуажэ*

***P.S. Псалъэзэблэдзыр зыщIа нэхъыжьыфI Татым Хьэзрэталий Тыкъэ и къуэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирикъуащи, дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, и гукъыдэжым хэмыщIу, и пщIэр лъагэу и гъащIэр ирихьэкIыну.***



**Жэпуэгъуэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

***ЕкIуэкIыу:*** **7**. Бащлъыкъ. **8**. Къаздэхъу. **9**. «Адэ». **11**. Сыдж. **12**. Хъун. **14**. Щэ. **15**. Хъуэхъу. **18**. Даур. **19**. Псым. **21**. Тумэн. **22**. Гуэгуш. **23**. Жэпкъ. **25**. Хьэху. **28**. Динэ. **29**. ЩIалэ. **30**. Кугъуэ. **36**. Нало. **37**. Црым. **39**. Шырыкъу. **40**. ЩIыIуб. **41**. Акъыл. **42**. КIий. **43**. Уэ. **44**. Шху. **46**. Нэд. **48**. Уэгъу. **49**. Хьэуазэ. **51**. Ереван.

***Къехыу:*** **1**. Къубас. **2**. Къущ. **3**. Сытхъу. **4**. Мащэ. **5**. Уд. **6**. Ахъуэхъу. **10**. Дыгъэмыхъуэ. **13**. Нартан. **14**. Щхьэнтэ. **16**. Гурышэ. **17**. Апажэ. **18**. Дэгу. **20**. Макъ. **24**. Щиху. **25**. Хьэку. **26**. ХущIэ. **27**. Блэ. **31**. Гъущэрылъэ. **32**. Добрэ. **33**. Мэшыкъуэ. **34**. Мэкъумэш. **35**. Ацкъан. **36**. НэщI. **38**. Мэл. **42**. КIыхьщ. **43**. Уэзы. **45**. Хуарэ. **47**. Данэ. **50**. Ущ. **52**. Вы.

● Зы уэрэдым и хъыбар

# «Си гъатхэ»

**Гухэлъ, лъагъуныгъэ уэрэд дахащэ куэд къызэдагъэщIащ ди усакIуэхэмрэ композиторхэмрэ. ЗэманыфIкIэ узэIэбэкIыжмэ Тхьэгъэзит Зубер итхауэ щытащ «Си гъатхэ» усэр. УдимыхьэхынкIэ Iэмал имыIэу макъамэ дахэ абы щIигъэуващ композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил.**

АПХУЭДЭ псалъэ дахэхэр зыхуигъэфэщар хэтми къэтщIэн мурад диIэу 2012 гъэм Тхьэгъэзит Зубер и деж дыкIуащ. Гуапэу дригъэблагъэри, тIэкIуи укIытэу, и псалъэмакъыр ригъэжьащ.

«ЩIалэгъуэ зимыIа щыIэкъым, - жиIащ абы. - Ар гухэлъ дахэхэр «къыщытIэпI» лъэхъэнэщ. СиIащ сэри апхуэдэ зэман. Иджыри седжэу, сыстуденту, гухэлъ зыхуэсщIа хъыджэбз дахэм, иужькIэ щхьэгъусэ схуэхъуам, хуэстхауэ щытащ а усэр. Си гуапэщ а уэрэдыр цIыхухэм ягу зэрыдыхьар».

Уэрэдыр япэ дыдэу зыгъэзэщIауэ щытар Тут Заурщ. Ар радиом и фондым щахъумэ.

**КIУНТIЫЩХЬЭПЦIЭ Аннэ.**

* * *

**Гъатхэ жьыбгъэм зиущэхуауэ,
Ди зекIуапIэм къыщекIухь.
И зэманыр блэбгъэкIащи,
Сэ пIейтейуэ зызоплъыхь.**

**КъакIуэ псынщIэу, сэ уэр щхьэкIэ
Вагъуэ цIыкIухэр пызгъэнэнщ.
Уи цIэр хэту уэрэд гуапэ
Си гум ноби иусынщ.**

**А уэрэдым псалъэу хэтыр
Сэ уэ бзэншэу ныбжесIэнщ.
А уэрэдым и макъамэр
Сэ уэ нэкIэ уэзгъэщIэнщ.**

**Зи щхьэ закъуэм гъащIэр гъатхэу
ИгъэкIуэну лъэмыкIын.
Уэрэ сэрэ дызэгъусэм,
Майр зэи имыкIын.**




Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Маритэ,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Мариаnnэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.417 ● Заказ №1299